



Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE AJANDA 2020 AN: FÈ BAGAY YO VANSE

Nan 10yèm Diskou Eta Leta a, Gouvènè a Prezante Ajanda Anbisye pou fè New York Kontinye Jwe Wòl li kòm Kapital Pwogresiv Nasyon an

Ajanda Gouvènè a Kontinye Montre Responsablite Fiskal Rekò Pandan I ap Envesti nan Enfrastrikti 21yèm Syèk, Redui Taks yo pou Klas Mwayèn lan ak Ti Biznis yo, Ofri Opòtinite Edikasyonèl pou Tout Moun, Devlope Ekonomi Ekolojik New York la & Fè Vanse Pwoteksyon pou Dwa Egal Ego

Pwopozisyon yo Gen Ladan Lwa Kont Teworis Domestik la; Lwa sou Obligasyon pou 'Restore Manman Lanati' a; Legalizasyon Marigwana; Agrandi Pwogram Inivèsite San Frè Eskolè Excelsior la; Konje Maladi Peye ak Lit Kont Povrete Timoun yo; Atenn 100% Sèvis Telefòn Selilè Toupatou nan Eta a; Pwoteksyon Travayè ki nan Ekonomi Travay Tanporè yo; Abòde Pwoblèm Sanzabri ak Swisid pami Ansyen Konbatan yo; Divilgasyon Deklarasyon Taks 'Pa Gen Anyen Kache'; Konplèks Empire Station lan; ak Reyimajine Kanal Erie a

Liv Diskou Eta Leta 2020 an Disponib [La a](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pwononse Diskou Eta Leta 2020 li an. Ajanda 2020 Gouvènè a - Fè Bagay yo Vanse - prezante plizyè pwopozisyon lidè onivo nasyonal pou takle pwoblèm enpòtan New York ak peyi a ap konfwonte yo, pami yo yon lwa kont teworis domestik pou reponn a ogmantasyon krim lahèn yo, yon lwa sou obligasyon anviwònmatal 3 milya dola pou lite kont chanjman klimatik, legalize marigwana epi fè investisman istorik nan enfrastrikti ak devlopman ekonomik tankou nouvo Konplèks Empire Station lan ak yon Kanal Erie ki reyimajine. Ajanda Gouvènè a gen ladan tou plan pou ede fanmi klas mwayèn yo ki gen ladan agrandi pwogram inivèsite san frè eskolè a, pwoteksyon pou travayè ki nan ekonomi travay tanporè yo, konje maladi peye ak rediksyon taks pou Nouyòkè klas mwayèn yo ak ti biznis yo.

"Bato eta nou an pi djanm pase l te ye depi anpil deseni, men oseyan n ap navige a pi ajite pase nou te janm wè avan. Van kòlè ak divizyon te anflame lanm anksyete, enjistis ak fistrasyon, sa ki kreye yon gwo tanpèt politik ak sosyal, men oman sa yo se moman ki mande pou New York montre lidèchip epi prepare tèren an pou yon nasyon ki nan difikilte", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York se kapital pwogresiv nasyon an epi nou dwe reyalize destini sa a ankò ane sa a. Nan travay ansanm, nou te rive atenn pi bon gouvènman pwogresif eta nan nasyon an. Nou te akonpli plis ansanm pase nou te ka imajine epi kounye a nou dwe fè menm plis ankò. Defi n ap konfwonte kounye a entimidasyon - men pa gen anyen la New York pa ka jere. Ane sa a, nou pral

kontinye abòde pwoblèm k ap lakoz anksyete ak fistrasyon avèk yon ajanda l ap ankouraje kwasans ekonomik ak pwogrè sosyèl, pwopoze yon repons lidè onivo nasyonal fas a chanjman klimatik epi pwoteje Nouyòkè yo. Sa a se yon ajanda djanm - men nou ka fè tout sa a. Gouvènman eta nou an te akonpli sa ki te enposib - ankò e ankò epi nou pral fè menm bagay la ankò ane sa a."

GRAN PWEN KI NAN AJANDA 2020 AN, FÈ BAGAY YO VANSE

Adopsyon Lwa Kont Teworis sou Krim Lahèn lan: Pou konfwote seri atak antisemit ak lòt atak diskriminatwa enkyetan k ap plede fèt nan New York la, Gouvènè a ap pwopoze tou premye lwa kont teworis domestik nan nasyon an pou gen ladan vyolans an mas lahèn motive, sa k ap kreye yon nouvo klas A-1, ki se klas krim yo ka pini avèk kondanasyon nan prizon a vi san libète kondisyonèl. Gouvènè a ap pwopoze tou pou lekòl New York yo ajoute yon pwogram detid k ap aprann prensip sivik yo ak istwa divèsite ak libète relijyon rich eta a. Otorite Vil Battery Park la (Battery Park City Authority) pral elabore ak agrandi Mize Eritaj Jwif sou Olokòs la (Museum of Jewish Heritage on the Holocaust) pou l vin yon destinasyon aprantisaj pou timoun lekòl yo toupatou atravè eta a.

Kreyasyon Lwa sou Obligasyon 'Restore Manman Lanati' (Restore Mother Nature) a: Nouvo reyalite a move tan ekstrèm lan mande yon nouvo repons. Li enpòtan anpil pou n investis nan restorasyon anviwònmanal pou New York kontinye jwenn siksè ekonomik. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral lanse Restore Manman Lanati - ki se pwogram ki pi agresif nan nasyon an pou favorize restorasyon abita ak rediksyon inondasyon, ke y ap finanse an pati pa mwayen 3 milya dola lwa sou obligasyon anviwònmanal la.

Tabli Konje Maladi Peye pou Nouyòkè k ap Travay yo: Pou plis responsabilize travayè New York ki gen salè fèb yo epi pwoteje tout konsomatè ki nan Eta a, Gouvènè Cuomo pral asire ke tout Nouyòkè k ap travay jwenn aksè a konje maladi. Biznis ki gen ant senk a 99 anplwaye yo pral ofri anplwaye yo omwen senk jou konje maladi peye plis pwoteksyon pou pòs travay yo pa ane epi biznis ki gen 100 anplwaye oswa plis yo pral ofri omwen sèt jou konje maladi peye pa ane. Ti biznis yo, ki gen kat anplwaye oswa mwens, pral garanti anplwaye yo senk jou konje yo pa peye plis pwoteksyon pòs travay yo chak jou. Ti biznis yo ki deja ofri konje maladi peye yo ka kontinye fè sa a.

Legalizasyon Marigwana: Gouvènè Cuomo pwopoze yon apwòch reglemantè global pou legalize marigwana, sa k ap kreye yon nouvo Biwo Jesyon Marigwana (Office of Cannabis Management, OCM) pou espesyalize nan reglemantasyon marigwana - k ap sipèvizize pwogram izaj medikal pou adilt ak pwogram chanv yo. Pwopozisyon an pral jere opòtinite oktwal lisans ekite sosyal, elabore yon estrikti mache egalite pou adilt yo epi fasilite antre sou mache a pa mwayen kapital, asistans teknik, ak enkibasyon antreprenè an ekite yo. Pwopozisyon an pral korije tou mal yo te fè moun ak kominote yo ki te sibi efè entèdiksyon an nan fason demezire nan tan pase yo. Pou pwoteje sante piblik, pwopozisyon limite lavant pwodui marigwana yo sèlman bay adilt ki gen 21 an oswa plis epi li tabli yon pwosesis kontwòl kalite ak sekirite ki trè egzijan ki gen ladan sipèvizyon sou anbalaj, etiketaj, piblisite ak tès pou tout pwodui marigwana yo. Efò sa yo pral fè an kowòdinasyon ak eta vwazen yo Connecticut, New Jersey ak Pennsylvania. Gouvènè a pral pwopoze tou kreyasyon yon Sant Global pou Syans, Rechèch ak Edikasyon sou Marigwana ak Chanv (Global Cannabis and Hemp Center

for Science, Research and Education), k ap premye sant konsa nan mond lan, dekonsè ak SUNY ak lòt patnè ekspè yo.

Rediksyon To Taks yo pou Ti Biznis yo: Pou kontinye kwasans ekonomik djanm ak kantite rekò djòb ki te kreye nan Eta a, Gouvènè Cuomo pral pwopoze yon soulajman nan taks pou ti biznis yo, ki gen ladan: rediksyon to taks antrepriz yo pou ti biznis yo soti 6.5 pousan vin 4 pousan; triple eksklizyon revni ki la kounye a pou kiltivatè ak antreprenè endividyèl yo; sa k ap rann kredi taks investiman an ranbousab pou kiltivatè yo; epi anile sanksyon ki gen sou sosyete S akoz yo pa peye ase nan lè yo estime taks yo.

Kontinye Rediksyon Taks yo pou Klas Mwayèn lan: Gouvènè Cuomo pral kontinye redui to Taks sou Revni Pèsonèl yo pou Nouyòkè klas mwayèn lan yo. An 2020, ki se twazyèm ane nan kad rediksyon taks sou plizyè ane yo te adopte an 2016 la, yo te redui to taks sou revni yo soti 6.85 pousan pou vin 6.09 pousan pou kontribiyab salè yo nan tranch revni ki ant 40,000 dola - 150,000 dola ak 6.1 pousan pou sila yo ki nan tranch revni ki ant 150,000 dola - 300,000 dola. Yo prevwa rediksyon sa yo ap fè Nouyòkè yo ekonomize plis pase 1.8 milya dola ane sa a. Anplis de sa, to taks sou revni yo pral kontinye desann rive 5.5 pousan pou kontribiyab ki touche nan tranch revni ki ant 26,000 dola a 150,000 dola ak 6 pousan pou sila yo ki nan tranch revni ki ant 150,000 dola - 300,000 dola. Lè tout rediksyon yo konplètman antre an vigè, kontribiyab klas mwayèn yo pral resevwa yon to taks sou revni ki redui jiska 20 pousan, sa k ap rive 4.2 milya dola ototal nan ekonomi anyèl pou sis milyon kontribiyab ki pral ranpli taks apati 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to taks ki pi ba pou klas mwayèn lan nan Eta a depi plis pase 70 zan.

Pwoteksyon pou Travayè ki nan Ekonomi Travay Tanporè yo: Ane sa a, yon bon pousantaj mendèv la pral nan djòb ki gen rapò ak nouvo "ekonomi travay tanporè a" (gig economy). Nouvo sektè sa a te ankouraje yo fè anpil inovasyon enteresan pou konsomatè yo, toufwa, anpil nan travayè k ap evolye nan ekonomi travay tanporè yo pa kouvri anba pwoteksyon ak dwa san parèy New York te adopte an favè anplwaye yo paske lwa a poko ratrape chanjman k ap fèt nan ekonomi an yo. Pou kontinye soutni pi bon milye travay pou travayè ak anplwayè yo, Gouvènè Cuomo pral prezante lejislasyon pou asire tout travayè New York yo resevwa pwoteksyon debaz ki tabli pou anplwaye yo ak jwenn aksè a filè sekirite esansyèl yo.

Lit Kont Povrete Timoun yo: Gouvènè Cuomo pwopoze gran agrandisman kredi Taks pou Timoun Empire a. Aktyèlman la, kredi esansyèl sa a pou fanmi ki gen revni fèb yo sèlman aplike pou timoun ki gen ant 4-16 zan yo. Pwopozisyon sa a pral elimine diferansyasyon enjis sa a epi agrandi kredi taks la pou kouvri fanmi ki gen timoun ki nan laj ant 0-3 zan yo k ap touche mwens ke 50,000 dola. Pwopozisyon an pral ofri 400 dola avantaj an mwayèn pa fanmi bay prèske 400,000 fanmi klas ouvriyè a ki gen timoun ki gen mwens ke katran - apeprè 172,500 fanmi ki gen timoun nan laj plis pase twazan pral resevwa avantaj anplis epi 225,500 fanmi ki gen timoun ki nan laj twazan ak pi piti yo pral resevwa avantaj sa a pou lapremyè fwa a.

Fòmè Panèl Gwoup Travay Riban Ble a (Blue Ribbon Task Force) pou Agrandi Veyikil Elektrik yo: Gouvènè Cuomo pral konvoke yon gwoup travay sou veyikil elektrik (electric vehicle, EV) sou direksyon Doktè M. Stanley Whittingham nan

Binghamton University - ke yo te akòde pri Loreya Nobèl 2019 la nan Chimi pou travay li te fè sou etid batri iyon lityòm yo - epi NYSERDA ap koprezide pou idantifye opòtinite pou rechèch ak devlopman epi agrandi ekonomi inovasyon transpò a toupatou nan Eta New York.

Asire Gen Siyal Telefòn Selilè Toupatou Atravè New York: Gouvènè Cuomo pral lanse yon plan global pou mete New York sou yon wout pou gen siyal telefòn selilè konplè. Gouvènè a pral prezante lejislasyon tou ki vize nòmalize otorizasyon nouvell jenerasyon teknoloji ti selil sou enfrastrikti minisipal yo toupatou nan eta a epi li pral sipòte yon seri amelyorasyon reglemantè pou pwomouvwa enfrastrikti selilè prive nan zòn yo detèmine ki gen anpil pòch kote siyal selilè pa fyab.

Agrandisman Pwogram Inivèsite San Frè Eskolè a pou Plis Fanmi Klas Mwayèn yo: Pou agrandi opòtinite transfòmasyonèl Bous Detid Excelsior la pou plis fanmi klas mwayèn yo, Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou ogmante limit elijiblite pou Excelsior la soti 125,000 dola rive 150,000 dola revni bri ajiste fanmi an pou fanmi New York yo. Lè nou ogmante limit lan, plis pase 230,000 oswa prèske 58 pousan etidyan ki rezidan New York yo pral frekante yon inivèsite SUNY oswa CUNY san yo pa peye frè eskolè.

Abòde Pwoblèm Swisid ak Sanzabri pami Ansyen Konbatan yo ak Ajan Fòs Aplikasyon Lalwa yo: Gouvènè a pral envesti 1 milyon dola pou fè patenarya ak òganizasyon pou ede ansyen konbatan yo, ajan fòs aplikasyon lalwa yo ak premye sekouris yo nan kad efò prevansyon swisid yo. Gouvènè a pral mande ajans eta yo pou yo agrandi estrateji prevansyon swisid pou ansyen konbatan yo, ajan fòs aplikasyon lalwa yo, ofisye prizon yo ak premye sekouris yo, ki gen ladan yon nouvo kanpay ke Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH) ap antreprann pou redui wont ki asosye a maladi mantal yo. Anplis de sa, Eta a pral konvoke yon panèl k ap gen pati konsène ak ekspè yo pandan Konferans Anyèl sou Prevansyon Swisid li a (Suicide Prevention Conference) pou elabore ak reyalize estrateji pou anpeche swisid pami popilasyon espesyal sa yo. Gouvènè a pral envesti 5 milyon dola tou pou agrandi lojman sipò pèmanan pou ansyen konbatan sanzabri yo pa mwayen Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri eta a (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP).

Ogmantasyon ak Modènizasyon Kapasite Repons Ijans yo: Plis pase 60 pousan konte New York yo te inonde de fwa pandan 10 zan ki sot pase yo. Nou dwe prè pou n jere ogmantasyon sitiyaasyon ijans sa yo k ap menase lavi moun yo. Se yon nouvo defi kwasan operasyon eta nou an yo ap konfwonte deplizanpli. Gouvènè a pral pwopoze yon plan pou ogmante ak modènize kapasite repons ijans nou an pou fanm ak gason vanyan nou yo ka gen ekipman apwopriye pou yo fè travay yo.

Ajoute E Pluribus Unum (Pami Plizyè, Youn) nan So Eta a: Zansèt nou yo te di byen klè ke lide inite a te kle pou avni Etazini. An 1782, nan premye so Etazini an, yo te di nan twa mo byen senp - E Pluribus Unum, pami plizyè, youn. Gouvènman federal la ak nasyon nou an sanble te bliye ke prensip Ameriken esansyèl sa a. Nan moman difisil sa a, Eta New York ap raple nasyon an kiyès nou ye lè nou ajoute E Pluribus Unum nan so eta a, k ap pwoklame nan moman lèd sa a verite senp lan ke san inite nou pa anyen.

Egzije Fonksyonè Leta yo Divilge Deklarasyon Taks yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze lwa "Pa Gen Anyen Kache" a pou rann gouvènman nou an vin gouvènman ki pi transparan nan nasyon an. Lwa a pral egzije pou Gouvènè a, Gouvènè Adjwen an, Pwokirè Jeneral la, Kontwolè a, tou komisè eta a ak tout Manm Asanble ak Senatè mete deklarasyon taks yo piblik. Anplis, nenpòt fonksyonè eli nan Eta a k ap touche plis pase 100,000 dola pa ane pral fè menm jan.

Rasyonnalize ak Senplifye Sistèm Jidisyè New York la: Depi lè li te antre an fonksyon an 2016, Jij An Chèf Janet DiFiore nan Kou Dapèl Eta New York la te restriktire administrasyon sistèm jidisyè konplèks trè konplike New York la pwofondeman, epi Jij An Chèf DiFiore te pwopoze yon seri refòm ki pi anbisyè resaman. Gouvènè Cuomo pral travay avèk Jij An Chèf DiFiore ak Lejislati a pou yo chache atenn objektif efikasite, transparans ak ekitabilite Jij An Chèf la te idantifye yo.

Konstriksyon Konplèks Empire Station lan: Gouvènè Cuomo pwopoze redevlopman blòk minisipal konplè ki osid Penn Station lan pou ajoute kapasite wout tren. Agrandisman sa a pral ogmante kapasite wout tren an jeneral pa prèske 40 pousan anplis lè yo ajoute 8 nouvo ray sou 21 ray ki la kounye a yo, sa k ap ogmante kantite pasaje tèminal la ka pran, redui anbouteyaj avèk twotwa ki pi laj ak antre remakan pou subway yo epi ajoute nouvo opòtinite devlopman sou pasèl tèren ki akote yo ki pral transfòme zòn lan. Nan kad plan sa a, Gouvènè Cuomo pwopoze toujou pou yo eksplòre achte sal teyat Madison Square Garden Theater a pou kreye yon nouvo antre nan 8th Avenue pou antre nan Penn Station. Ansanm, mezi sa yo pral melanje sa datant Moynihan Train Hall la, Penn Station ki la kounye a ak blòk ki osid Penn lan pou vin tounen yon Konplèks Empire Station lan.

Reyimajine Kanal Erie a: Pou ajoute sou konklizyon Gwoup Travay pou Reyimajine Kanal la (Reimagine the Canal Task Force), Gouvènè Cuomo ap rekòmande ke Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) apwouve yon investisman 300 milyon dola y ap debouse pandan senk ane k ap vini la yo nan rankont mwa janvyè konsèy administratif la. Y ap investi yon finansman 100 milyon dola pou devlopman ekonomik nan kominote toutolon Kanal la epi investi yon lòt 65 milyon dola apa y ap dedye a solisyon ki pral ede anpeche fòmasyon blòk glas ak inondasyon ki an rapò ak yo nan zòn Schenectady a. Apresa, yo pral atribiye rès 135 milyon dola nan plan finansman an pou rechèch Gwoup Travay Reyimajine a rekòmande a, ansanm ak solisyon ki an rapò ak kontwòl dega inondasyon, prevansyon espès anvayisan yo ak restorasyon ekosistèm lan.

KONBAT CHANJMAN KLIMATIK

Entèdi Pwodui Izaj Inik ak Anbalaj an Polistirèn yo: Pou ajoute sou pwogrè ki te fèt apre adopsyon pwojè lwa sou sachè plastik la ane pase, Gouvènè a ap pwopoze nouvo lejislasyon pou entèdi distribisyon ak itilizasyon polistirèn agrandi, ke yo konn rele staywofòm lan, veso pou met manje ak materyèl anbalaj yo itilize yon sèl fwa yo apati 1ye Janvyè 2022.

Devlope Ekonomi Ekolojik New York la

Agrandi Endistri Veyikil Elektrik la nan New York: Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon inisyativ a plizyè volè pou endistri veyikil elektrik la, yon plan pou redui degajman gaz ki soti nan bilding rezidans yo ak bilding komèsyal yo ak yon trè gran inisyativ pou devlopman mendèv.

- **Elektrifye Sistèm Transpò Piblik yo nan Rejyon Nò Eta a:** Gouvènè Cuomo pral egzije senk pi gran otorite transpò piblik nan rejyon nò ak nan zòn rezidansyèl yo — k ap opere 1,400 bis transpò piblik aktyèlman la — pou yo elektrifye 25 pousan nan flòt yo apati 2025 ak 100 flòt yo apati 2035.
- **Konstwi yon Rezo Rechaj EV Djanm Toupatou nan New York:** Pou fè tranzisyon al nan itilizasyon veyikil elektrik yo san pwoblèm, Nouyòkè yo bezwen anpil opòtinite piblik pou yo chaje veyikil yo byen rapid, epi biznis yo bezwen kapab enstale chajè yo pou yon pri abòdab. Otorite Enèji New York la, an paternarya ak NYSERDA ak endistri prive a, pral asire ke gen 10 lokasyon rechaj rapid oswa plis nan chak rejyon REDC apati fen ane 2022, pou chak pwèn arè sou otowout Thruway Eta New York la gen estasyon rehaj apati fen anse 2024 la epi pou yo enstale omwen 800 nouvo chajè ototal toupatou nan eta a pandan senk ane k ap vini la yo.
- **Investi 100 Milyon Dola nan Finansman Green Bank ap bay pou Atire Fabrikan Sektè EV yo ak Lòt Biznis ki Gen Rapò ak Endistri a yo:** NY Green Bank pral mete 100 milyon dola finansman disponib pou ede biznis transpò pwòp yo vin lokalize yo oswa agrandi nan New York.

Reyamenaje Kay ak Biznis yo pou yo Degaje Mwens Kabòn: An 2020, Eta a pral antreprann yon inisyativ a plizyè volè pou redui konsomasyon kabiran fosil yo nan bilding yo. NYSERDA pral lanse yon Konpetisyon Reyamenajman Bilding Empire 30 milyon dola pou demontre solisyon evolutiv ak repwodiktiv pou bilding komèsyal ak bilding miltifamilyal yo toupatou nan Eta a. Konpetisyon an pral mande mèt pwopriyete yo, devlopè yo, fabrikan ekipman yo ak founisè efikasite Enèjetik yo fè pwopozisyon pou demontre solisyon inovativ ak entegre ki ka redui konsomasyon enèji ak degajman gaz a efè sèr yo k ap soti nan bilding komèsyal ak bilding miltifamilyal yo, epi ke yo ka agrandi ak repwouvi toupatou nan Eta a.

Ranfòse Pozisyon New York kòm yon Sant pou Endistri Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo nan Etazini: An 2020, NYSERDA pral pibliye dezyèm demann pou enstalasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, ke yo prevwa k ap pwodui omwen 1,000 megawat enèji pwòp anplis. NYSERDA, DOT ak ESD pral kòmanse tou yon pwosesis konpetitif pou akòde 200 milyon dola investisman piblik pou amelyore enfrastrikti pò yo.

Pwoteje Sante Dlo Lak George Yo: Eta a pral bay 9.4 milyon dola anplis sou fòm sibvansyon pou modènize izin tretman dlo ize Lak George la pou prezève kalite dlo a ak bote natirèl Lak George.

Agrandi Kouran yo Pwodui Apati Enèji Renouvlab nan New York pou Satisfè Objektif Zewo Degajman Kabòn Apati 2040 lan

Ogmante Kapasite Enèji Solè, Ewolyèn ak Estokaj Avèk Plis pase 1,000 Megawat Anplis NYSERDA pral kreye prim konpetitif pou 21 pwojè enèji solè, ewolyèn ak

estokaj enèji toupatou nan rejyon nò Eta New York la, k ap rive nan kapasite ki plis pase 1,000 megawat enèji renouvlab ototal ak kapasite 40 megawat estokaj enèji. Lè yo ajoute yo ansanm, efò sa yo pral estimile plis pase 2.5 milya dola investisman sektè prive a ap fèt nan devlopman, konstriksyon ak fonksyònman pwojè enèji pwòp yo, kreye plis pase 2,000 djòb akoutèm ak alontèm epi jenere ase kouran renouvlab chak ane pou alimante plis pase 350,000 kay. Anplis de sa, NYPA pral travay ak ajans ak otorite eta yo ak konsomatè yo pou yo kontrakte pou resous enèji pwòp nan fason konpetitiv pou plis akselere pwogrè pou yo ka atenn objektif enèji renouvlab agresif Eta a yo.

Prepare Rezo Elektrik la pou Nouvo Pwodiksyon Enèji Renouvlab: Eta a pral elabore yon plan pou otorize ak konstwi nouvo kapasite transmisyon pou pote enèji pwòp ak renouvlab la nan zòn ki bezwen plis kapasite elektrik, kote y ap priyore itilizasyon dwa pasaj ki la deja yo. Plan an pral gen ladan modènizasyon rezo a avèk nouvo teknoloji entèlijan ki ogmante kapasite ak efikasite sistèm lan, tankou teknoloji estokaj batri.

KONTINYE KWASANS EKONOMIK SAN PARÈY

Envesti nan Devlopman Ekonomik ak Ti Biznis nan Tout Rejyon yo

Envesti nan 10yèm Faz Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) reyisi yo: An 2011, Gouvènè Cuomo te tabli 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (REDCs) pou elabore plan devlopman ekonomik stratejik alontèm yo. Depi lè sa a, Eta a te envesti plis pase 6.9 milya dola atravè REDC yo, kote yo te finanse plis pase 8,300 pwojè epi soutni plis pase 240,000 pòs travay toupatou nan eta a. Pou ka ajoute sou siksè pwogram REDC a, Gouvènè a pwopoze pou kontinye ak apwòch devlopman ekonomik rejyonal sa a ak yon dizyèm faz pwosesis REDC a.

Envesti nan Senkyèm Faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative, DRI): Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochè jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Dis REDC Eta yo baze sou potansyèl transfòmasyon sant vil sa yo pou yo nonme kominote k ap patisipe yo. Atravè kat faz prim yo, yo te bay chak kominote gayan yo 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou sant vil yo epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon pou revitalizasyon kominote a. Gouvènè Cuomo pral kontinye pwogram sa a avèk 100 milyon dola pou yon senkyèm faz investisman DRI.

Devlope Ekonomi Teknoloji Rejyon Nò Eta a: Gouvènè Cuomo pral kontinye ankouraje ekonomi teknoloji kwasan Rejyon Nò Eta a. Gouvènè a pral kontinye lanse plan Finger Lakes Forward la lè l sipòte agrandisman twa gran konpayi teknoloji avanse lidè nan endistri a yo nan Vil Rochester. Gouvènè a pral kontinye ranfòse rejyon Mohawk Valley ak New York Santral kòm yon sant pou endistri dwòn lan. Anplis de sa, Gouvènè a pral kontinye sipòte monte Syracuse la gras a agrandisman Tech Garden nan Sant Vil Syracuse, ki se yon enklab pou konpayi novatè trè reyisi yo.

Rasyonnalize Pwosesis Sètifikasyon MWBE a epi Kreye Pòtal Aplikasyon Entegre Onivo Eta a: Gouvènè Cuomo pral mande Biwo Devlopman Biznis nan Divizyon Minorite ak Fanm (Division of Minority and Women's Business Development) Empire State Development lan pou tabli yon Pòtal Aplikasyon Entegre Onivo Eta a pou MWBE yo. Sa a pral pèmèt mèt business yo aplike pou nenpòt ak tout pwogram Sètifikasyon MWBE yo nan New York lè yo itilize yon sitwèb ak yon aplikasyon jeneral. Pòtay la pral ofri aplikan yo asistans dirèk tou y ap jwenn nan men anpwaye pwogram lan yo pou yo ka rann pwosesis pou konplete aplikasyon aksesib nan mezi sa posib. Gouvènè a ap anonse amelyorasyon adisyonèl y ap fè nan pwosesis sètifikasyon MWBE a, ki gen ladan: pwolonje sètifikasyon MWBE a soti twazan pou vin senkan; agrandi resous entèn Devlopman Biznis nan Divizyon Minorite ak Fanm lan epi travay ak pati konsène ekstèn yo pou rasyonnalize epi redui tan ki asosye ak pwosesis revizyon aplikasyon an; epi pibliye enfòmasyon ak direktiv ki ajou k ap eksplike pwosesis sètifikasyon an epi bay aplikan yo plis asistans teknik pandan y ap navige pwosesis sètifikasyon an.

Lite pou Dediktibilite Total pou Taks Lokal ak Eta yo (State and Local Taxes, SALT): Gouvènè Cuomo te lite kont pwojè lwa fiskal federal la nan chak etap pwosesis la pandan ke kongrè a t ap konsidere adopte lwa a. Rediksyon drastik Washington te fè nan Taks Eta ak Taks Lokal yo (SALT) te yon atak finansyè sou Nouyòk yo. New York te adopte premye limit sou taks sou pwopriyete nan istwa epi administrasyon Trump lan, yon sèl kou, te ogmante taks nou yo pou yo ka voye lajan bay eta ki an favè politik yo. Reprezantan Federal yo dwe lite pou nou. Sena Etazini an dwe anile atak SALT la ane sa a. Nou pral kontinye mande pou yo sispann mezi fiskalite enjis sa a, epi pou yo sispann li kounye a.

Devlope Sektè Lwazi ak Touris

Devlope Sistèm Pak Eta New York la ki gen Kalib Mondyal avèk Nouvo Pak Eta yo Agrandi ak Modènize: Gouvènè Cuomo pran angajman pou l kontinye amelyore ak agrandi bèl rezo espas lib piblik yo, epi inisyativ Restore Manman Lanati a pral gen ladan de nouvo pak inik, espektakilè. New York pral reyimajine ansyen rivaj endistriyèl Rivyè Hudson lan nan Kingston gras a kreyasyon yon nouvo Pak Eta ki mezire 206 ekta ki pral pwoteje plis pase 1.6 km rivaj dlo epi kreye yon seri santye. Eta New York pral kreye tou premye pak lineyè, a baz dlo k ap konekte senk ranp anbakeman bato yo revitalize nan Pati Nò Rivyè Hudson lan avèk Espas Lwazi Hudson Eagles Eta a (Hudson Eagles State Recreation Area). Anplis de kreyasyon de nouvo pak yo, Pak Eta yo pral kontinye reyalize plan kapital yo a, avèk nouvo tèren y ap achte nan Mid-Hudson Valley k ap ajoute 1,619 ekta tè nan sèt pak eta gras a yon investisman 20.6 milyon dola Eta ap fè.

Transfere Fouryè Remòkaj Apontman 76 la al nan Pak Rivyè Hudson pou yo Reyitilize I: Gouvènè Cuomo pwopoze fè transfè Apontman 76 la (Pier 76) ki te retade depi byen lontan, yo te itilize kòm yon fouryè remòkaj pou NYPD pou vin sou kontwòl Fidisi Pak Rivyè Hudson lan (Hudson River Park Trust) pou yo entegre l nan konplèks pak la. Apontman an se dènye opòtinite enpòtan pou jwenn aksè nan sou bò lwès rivaj dlo a. Nan kad pwopozisyon Gouvènè a, Apontman 76 la ap libere nan fen ane sa, epi Fidisi Pak Rivyè Hudson lan, an konsiltasyon ak Vil New York, konsèy ak reprezantan kominote a, fonksyonè eli lokal yo ak manm Asanble ak Senatè yo, ak lòt pati konsène yo, pral elabore yon plan reyitilizasyon.

Rekonstwi Otèl Mid-Station Lodge nan Whiteface Mountain lan ke Dife te Detwi

Resaman: Yon dife te detwi otèl Whiteface Mid-Station lan resaman. Eta a pral finanse yon pwojè 14 milyon dola pou konplètman rekonstwi avanpòs istorik la, sa k ap ede asire ke konplèks otèlye a kontinye rete yon destinasyon ki gen kalib mondyal k ap atire vizitè pandan tout ane a.

Sipòte endistri Agrikòl New York

Ogmante Divèsite nan Endistri Agrikòl New York la: Pou yo ka sipòte kiltivatè minorite ak fanm yo epi asire endistri agrikòl nou an reprezante yon pakou karyè vyab ki enkliziv pou tout moun, Gouvènè Cuomo pral mande Komisè Agrikilti a pou l konvoke yon gwoup travay ki gen pati konsène ki gen divès ras ak etnisite pou yo elabore yon plan estratejik pou sipòte divèsite ak ekite rasyal nan sektè Agrikilti Eta New York la. Delè pou plan estratejik la pa pita pase mwa Desanm 2020 epi avèk plan sa a an plas, New York pral sipòte divèsite nan agrikilti jodi a ak pou jenerasyon k ap vini yo.

Ogmante Itilizasyon Pwodui Alimantè yo Pwodui Onivo Lokal nan Kantin Lekòl

yo: Pou agrandi pwogram "NY Thursdays" la pou lekòl yo toupatou nan Eta a, Gouvènè Cuomo pral konvoke yon gwoup travay ki gen lidè k ap bay opinyon yo sou sistèm alimantasyon an pou yo idantifye nouvell fason pou konekte pwodui alimantè yo kiltivite onivo lokal yo ak lekòl yo. Nan devlopman solisyon acha inovativ epi retire obstak k ap anpeche pwodui lokal yo al nan lekòl yo, gwoup la pral konsidere tout fason pou yo ranfòse lyen ki genyen ant agrikilti ak kominote a. Pou kòmanse, Eta a pral sipòte yon pwogram pilòt pou ranplase katon lèt endividyèl yo ak distribitè lèt an gwo nan kafeterya lekòl yo - sa pral redui fatra epi konsève enèji ak redui depans transpò yo.

Sipòte Endistri Bwason Atizanal New York la

Otorize yo Vann Alkòl nan Sal Sinema yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze pou modifiye Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize yo (Alcoholic Beverage Control Law) pou retire egzijans ke sal sinema yo sèvi manje atab pou yo ka vann bwason alkolize yo. Y ap otorize patwon yo achte yon bwason alkòl pa tranzaksyon depi yo gen tikè pou al wè yon fim nan nivo PG-13 oswa pi wo. Pwopozisyon sa a pral kreye nouvo sous revni pou sal teyat yo pandan l ap evite bezwen pou yo fè gwo investisman kapital nan renovasyon ki gen dwa p ap kenbe estil tradisyonèl bilding sal sinema a.

Retire Obstak Epòk Pwoyibisyon Demode yo ki Anpeche yo Fè Investisman nan

Biznis Bwason Alkolize yo nan Eta New York: Gouvènè a pwopoze modifiye Lwa sou Kay Lye (Tied House Law) New York la, ki se yon dispozisyon Kontwòl Bwason Alkolize a - oswa ABC - Lwa rann li difisil pou demenaje oswa ouvri oswa investi nan yon nouvo biznis nan New York san bezwen. Pou retire obstak restriktif sa yo ki anpeche yo fè investisman, Gouvènè Cuomo pwopoze modifiye Lwa Kay Lye New York la pou koresponn a apwòch federal la, sa k ap kontinye mesaj ke New York ouvri pou biznis lan.

Kreye Mendèv Bwason Atizanal Demen an avèk yon Nouvo Lisans pou Bwason Alkolize pou Enstitisyon Edikatif yo: Gouvènè Cuomo pwopoze kreyasyon yon lisans ansèyman siperyè nan kad Lwa sou Kontwòl Bwason Alkolize a, ki pral retire restriksyon yo epi redui fado administratif yo. Lè yo otorize enstitisyon edikatif yo privilèj pou yo pwodui nenpòt bwason alkòl anba yon lisans epi bay enstitisyon otorite pou yo kapab komèsyalize pwodui yo anba menm lisans sa a, pwopozisyon sa a pral ede kreye mendèv demen an nan endistri bwason atizanal New York la.

REKONSTWI YON NOUVO NEW YORK

Envesti nan Plan Kapital MTA a pou Ofri Transpò Piblik ki pi Fyab ak pi Aksesib nan Rejyon Sid Eta a

Ogmante Aksesibilite: Gras a investisman 5.2 milya dola pou rann 70 estasyon subway aksesib selon lwa ADA a, ki se pi gran investisman pou favorize aksesibilite nan istwa New York City Transit, estasyon yo k ap sèvi plis pase 60 pousan pasaje yo pral aksesib selon lwa ADA a.

Finanse 2yèm Faz Nouvo Subway Second Avenue an: Gouvènè Cuomo te defann pwojè Subway Second Avenue an k ap kreye nouvo opsyon vwayaj transfòmasyonèl pou rezidan East Harlem ak Bronx yo, sa k ap ogmante pòte, kapasite ak aksesibilite sistèm transpò rejyonal la. Premyè faz Subway Second Avenue a te reyisi ajoute plis kapasite, aksesibilite ak rezistans nan sistèm lan. 2yèm Faz la pral ajoute twa nouvo estasyon ki konplètman aksesib ak yon koneksyon ak Metro-North. Lè yo melanje l avèk 1ye Faz la k ap sèvi 300,000 pasaje chak jou, epi l ap plis redui anbouteyaj nan tren 4/5/6 yo epi ranfòse aksè a travay ak edikasyon pou rezidan Harlem ak East Harlem yo. Ansanm ak pwogram finansman 2015-2019 la, plan 2020-2024 la ofri tout 6.9 milya dola yo prevwa pou depans yo nèt, kote yo resevwa anviwon menm kantite nan menm sous federal ak sous lokal yo.

Enstale yon Sistèm Siyalizasyon Modèn Depwent nan Subway a: MTA ak New York City Transit pral akselere modènizasyon sistèm siyalizasyon vyeyisan yo an nan fason konsiderab. Plan an ofri finansman pou modènize siyalizasyon pou sis nan liy ki pi frekante yo nan sistèm lan: Liy Fulton, Queens Blvd East, Crosstown, 63rd St., Astoria ak Lexington Avenue yo. Nouvo liy yo pral ekipe avèk yon teknoloji depwent ki pral ranplase siyal tradisyonèl "blòk fiks" la, ki se youn nan koz ki fè gen plis reta nan sèvis subway yo aktyèlman la. Investisman sa a pral ofri transfòmasyon ak modènizasyon yo byen bezwen fè nan sistèm subway NYCT a.

Amelyore Aksè nan Penn Station - Konekte Liy Metro-North New Haven lan ak East Bronx al Penn Station: Pwogram Kapital 2020-2024 MTA a konplètman finanse Aksè a Penn Station, sa ki pral pote pasaje Liy New Haven lan yo ansanm ak rezidan East Bronx lan yo dirèkteman nan Penn Station. Pwojè a gen ladan: konstriksyon kat nouvo estasyon ki konplètman aksesib nan katye defavorize Co-op City, Morris Park, Parkchester/Van Nest ak Hunts Point; modènizasyon sistèm enèji ak siyalizasyon yo; ak enstalasyon nouvo ray, reyalinye ray ki la deja epi ranplase pon wout tren yo pou akomode plis tren. Investisman istorik sa a pral redui dire trajè yo pandan l ap ofri rezistans esansyèl pou sistèm lan si sèvis Metro-North a Grand Central yo ta entèwonpi. Aksè a Penn Station pral ofri tout anpil rediksyon nan dire trajè yo pou

kliyan Metro-North k ap retounen soti Manhattan yo ak kliyan k ap vwayaje ant Bronx ak katye rezidansyèl ki onò yo, ki se yon segman nan popilasyon pasaje Metro-North yo k ap agrandi deplizanpli.

Konplete Pwojè Aksè East Side Long Island Rail Road la: Pwogram kapital la gen ladan, konplètman finanse Aksè East Side la pou Long Island Rail Road a Tèminal Grand Central la (Grand Central Terminal, GCT). Yo te rekonèt depi byen lontan ke kreyasyon yon sèvis LIRR dirèk soti nan koridò Long Island/Queens lan al East Midtown nan Manhattan lan se yon lyen transpò esansyèl yo byen bezwen nan rejyon Metwopolotèn New York la. East Side Access pral redui dire trajè pou 76,000 pasaje pa jou epi li pral amelyore eksperyans vwayaj la pou 30,000 kliyan ki rive nan tren sichaje nan Penn Station chak jou aktyèlman la.

Achte Anpil Milye Wagon Subway MTA ak Bis Modèn: Nouvo Pwogram Kapital la ofri finansman pou achte plis pase 1,900 nouvo wagon subway ak 2,400 nouvo bis ki pral pèmèt New York City Transit retire wagon ki pi ansyen yo sou wout yo epi modènize ak transfòme flòt ki la deja. Anpil milye nouvo wagon subway pral itilize siyalizasyon avanse y ap enstale toupatou nan sistèm lan, k ap pote pi bon sèvis ak amelyore fyabilite pou Nouyòkè yo. Nouvo pwogram kapital la pral pèmèt NYCT, dekonsè ak MTA Bus, ajoute 500 bis zewo degajman ki konplètman elektrik nan flòt la, sa k ap ranplase bis ki pi ansyen yo ki itilize kabiran dyezèl epi amelyore kalite lè a.

Kontinye Fè Investisman nan Enfrastrikti Toupatou nan Eta a

2yèm Faz Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a: An 2016, Gouvènè a te anonse 200 milyon dola finansman pou yon pwogram sibvansyon pou Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization grant program). Inisyativ sa a te transfòme ayewopò ki ofri sèvis pasaje ak sèvis kagezon yo toupatou nan eta a. Ane sa a, Gouvènè a ap anonse yon dezyèm faz finansman pou Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò Rejyon Nò a. Y ap ankouraje ayewopò yo toupatou nan eta a pou yo soumèt pwopozisyon pou amelyore sekirite ak devlopman ekonomik, amelyore operasyon ak aksè ayewopò yo, redui enpak anviwònmanal yo epi kreye pi bon eksperyans pou pasaje yo.

Devlope Yon Estrateji Inovan Pou Konstwi Wout Tren a Grand Vitès Nan New York: Gouvènè Cuomo pral konvoke yon ekip ekspè ak enjenyè vizyonè pou yo reyegzamine plan pou wout tren a grand vitès yo te elabore nan tan pase yo, pou kesyone epi repanse chak ipotèz ak metòd, epi rekòmande yon nouvo plan sou fason pou konstwi wout tren a grand vitès ki pi vit, pi ekolojik, ak pi fyab nan New York.

Fè Lwa "New York Achte Ameriken" An Pèmanan: Gouvènè Cuomo pwopoze pou fè Lwa Achte Ameriken an, ki prevwa ekspire an Avril 2020 an la, vin yon lwa pèmanan nan Eta New York. Lè yo egzije ajans Eta a yo pou yo itilize bon jan kalite fè ak asye estriktirèl yo fabrike Ozetazini, nou pral kontinye kreye djòb sendikal epi asire pwojè enfrastrikti nou yo dire byen lontan alavni.

Transfòmasyon North Aud Block Buffalo A: Eta a pral devlope North Aud Block Canalside la, ki gen ladan bilding rezidansyèl ak komèsyal a izaj miks ak yon plas

piblik pou popilasyon an itilize, baze sou opinyon kominote a ak pati konsène yo. Sa a gen ladan tou, pwochen estasyon tren y ap mete nan Buffalo a ak kowòdinasyon l ak nouvo katye North Aud Block la.

AJANDA OPÒTINITE

Sipòte Travayè New York yo

Adopte Lejislasyon Global sou E-Bike: Tank gen nouvo teknoloji k ap parèt, nou dwe ankouraje inovasyon san nou pa konpwomèt sekirite. Nou pa bezwen nan chwazi ant legalizasyon e-bike ak pwoteksyon siklis yo, pyeton yo ak chofè yo, epi ane sa a Gouvènè Cuomo pral prezante lejislasyon global k ap fè egzakteman sa a.

Adopte Lwa ki pi Estrik sou Privilèj Salaryal yo: New York genyen pami lwa ki pi estrik nan nasyon an lè sa konsène privilèj salaryal yo. Souvan, li difisil pou jijman yo kolekte dedomajman yo lè yon travayè genyen yon pwochè tribinal. Lwa aktyèl yo kreye obstak ki anpeche yo fè respekte jijman sa a. Yon privilèj se yon solisyon legal djanm ki pral pèmèt yon viktim asire ke yo ka evantyèlman peye yo yon jijman ki an favè yo, avan yo bay jijman an. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral pwopoze lejislasyon pou asire ke nan ka kote yo pa ka kolekte yon reklamasyon, ke yon Jij ka otorize yo plase yon privilèj pou garanti viktim yo ka konplètman retabli yo.

Agrandi Inisyativ Devlopman Mendèv 175 Milyon Dola New York la pou Satisfè Nouvo Demann Travay yo

Lanse Tou Premye Sant Avni Travay nan Nasyon an yo: Avèk chomaj ki bese nan yon nivo rekò istorik nan anpil rejyon nan New York, anplwayè Eta a yo ap chèche deplizanpli, fason ki plis abil pou asire ke yo genyen anplwaye avèk konpetans ke yo mande yo. Gouvènè Cuomo pral ajoute sou siksè Sant Fòmasyon Mendèv Northland lan (Northland Workforce Training Center) nan Buffalo epi tabli de Sant Avni Travay (Future of Work Centers) k ap trase chemen an pou rès nasyon an. Sant Avni Travay sa yo pral fè patenarya avèk sektè prive a, òganizasyon kominotè yo, ak sistèm SUNY ak CUNY pou kreye nouvo kalifikasyon akoutèm ki pa bay yon lisans ak pwogram mikwo-kalifikasyon pou ofri konpetans anplwayè yo bezwen yo byen rapid, alafwa pou travayè aktyèl ansanm ak nouvo travayè yo.

Envesti 14 Milyon Dola nan Agrandisman Aprantisaj Toupatou nan Eta New York: Pou asire ke opòtinite aprantisaj yo kontinye satisfè bezwen alafwa pou bizinis New York yo ansanm ak kominote defavorize New York yo, Eta New York pral envesti 14 milyon dola pou agrandi opòtinite aprantisaj yo toupatou nan Eta a ane sa. Biwo Devlopman Mendèv (Office of Workforce Development) Gouvènè a ak Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la, pral angaje ekspètiz Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo lè y ap pran dezisyon pou pwogram yo.

Fòm Travayè yo pou Ekonomi Ekolojik la: New York pral kreye pwogram fòmasyon pou djòb ekolojik ki akse sou endistri a pou reponn a bezwen mendèv ki genyen nan sektè enèji a. Premyèman, Gwoup Travay Teknisyen Otomobil Excelsior la (Excelsior Automotive Technician Task Force) pral agrandi pòte travay li pou l kouvri veyikil elektrik yo. Eta New York pral envesti 40 milyon dola anplis tou — k ap vin bay 100

milyon dola investisman ototal — pandan senkan k ap vini la yo pou konstwi yon kondwuit talan travayè enèji pwòp epi ofri mendèv ki la kounye a opòtinite pou yo amelyore konpetans yo. Anplis de sa, SUNY Farmingdale ak Stony Brook pral fòmèlman mande yo fè patenarya avèk yo nan kad Enstiti Fòmasyon sou Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot li a (Offshore Wind Training Institute) k ap koute 20 milyon dola, pou fòmasyon an ka kòmanse an 2021. Finalman, Biwo Pak yo ak DEC pral fè patenarya ak Hudson Valley Community College, Alfred State University, Excelsior Corps ak Job Corps pou yo kreye Solar Energy Corps pou ofri etidyan yo fòmasyon sou fason pou yo enstale ekipman enèji solè yo.

Kreye Premye Sant Edikasyon Ak Fòmasyon Mendèv Konplè Eta a: Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou kreye yon sant edikasyon ak fòmasyon mendèv konplè pou satisfè demann travay nan syans, teknoloji, jeni, boza ak matematik nan Syracuse. Sant polivalan an pral loje yon lekòl segondè rejyonal ak yon pwogram fòmasyon travayè ak aprantisaj ke SUNY Empire State College ap jere epi nan patenarya avèk lòt kolèj lokal ak inivèsite. Gouvènè a ap enkli tou yon nouvo pwogram fòmasyon dènye modèl pou anplwaye yo ki pral ofri ekivalan lekòl segondè, sètifika teknik avanse epi diplòm inivèsite pou prepare moun ki diplome nan lekòl yo epi nempòt manm kominote a pou rantre nan sektè k ap devlope yo.

Retire Rezidan New York yo nan Mizè

Kontinye ak Investisman Istorik yo nan Lojman Abòdab: Gouvènè a planifye pou li varye inisyativ lojman abòdab Eta a, pwolonje efò eta a pou li konstwi pak kay, pou abòde degradasyon iben ki gen nan vil yo ki nan rejyon nò eta a epi ede fanmi yo kontinye demenaje ale nan katye ki gen opòtinite yo. Anplis, Eta a pral kontinye bay priyorite a renouvèlman ak relans kominotè, sipòte pwojè ki fè pati plan katye kowòdone yo, enkli aksè a sèvis transpò epi e ki devlope atravè pwosesis global, transparan kote manm kominote yo kapab patisipe.

Elaji Aksè a Sèvis Bank ki gen Sekirite e ki Abòdab, Kredi epi Edikasyon Finansyè: Gouvènè a pral pwopoze yon ajanda aksè ak enklizyon finansyè revolisyonè ki baze sou efò administrasyon li a fè pou elaji aksè a sèvis bank ki gen sekirite e ki abòdab, kredi epi edikasyon finansyè. Premyèman, Gouvènè a pral pwopoze lwa ki pwojè pou bay 25 milyon dola nan nouvo finansman sou senk (5) lane pou founisè lokal sèvis finans New York yo. Anba pwopozisyon Gouvènè a, founisè sa yo pral itilize finansman sa a pou sipòte kominote defavorize yo nan tout eta New York la. Yo pral travay an kolaborasyon sere avèk Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la ak lòt ajans eta a pou kreye yon rezo aksesib nan tout eta a pou sèvis san danje ak bon mache ak pwogram edikasyon finansyè. Dezyèmman, Gouvènè a pral pwopoze kreyasyon yon biwo entegrasyon ak ranfòsman finansyè pou tout eta a pou reponn bezwen sèvis finansyè Nouyòkè ki gen revni ba ak mwayen yo toupatou nan eta a.

Pwoteje Konsomatè

Kanpe apèl Wobo Nuizib yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze lwa k ap trase chemen an pou nasyon an pou demaske epi konbat kont move aktè yo epi move pratik fo idantite ak apèl wobo nuizib yo. Lwa a pral konpayi telefòn yo pou yo bloke apèl wobo

nuizib yo oswa se yo k ap responsab; egziye konpayi telefòn pou yo aplike kote sa posib la yon pwotokòl otantifikasyon apèl; epi kreye nouvo amann kont konpayi telekom ki pa respekte li epi ap bay penalite doub kont moun ki ap fè apèl wobo yo pou Vyolasyon Lwa "Pa Rele" a

Garanti Pwoteksyon Netralite Entènèt Ki pi Djanm lan pou tout moun New York

yo: Gouvènè a pral entwodui lejislasyon pou anpeche blokaj, limitasyon ak priyozasyon peye kontni sou entènèt - pratik ki sabote yon entènèt gratis epi louvri. Lejislasyon an pral entèdi tou pratik yo rele "To Zewo" a ki penalize konsomatè yo dèske yo aksede ak kontni oswa aplikasyon ke founisè entènèt yo pa pi pito. Lejislasyon an pral kodifye sou fòm lwa dekrè egzekitif 2018 Gouvènè Cuomo a ki oblije antite yo nan gouvènman eta a pou pa antre nan kontra avèk founisè sèvis entènèt yo amwenske yo respekte prensip netralite entènèt yo.

Lisans ak Règlemantasyon Konpayi k ap Fè Rekouvreman Dèt yo: Gouvènè a pral pwopoze lwa pou bay Depatman Sèvis Finansye (DFS) otorite pou bay antite rekouvreman dèt yo lisans epi bay DFS pouvwa pou analize epi mennen yon ankèt sou abi yo sispèk k ap fèt, ki gen ladan li mande pou soumèt enfòmasyon bay DFS epi otorize investigatè DFS yo antre nenpòt ki moman nan yon biwo kolektè dèt pou revize kaye kontab ak dosye li yo. Nouvo otorite kontwòl sa a ta otorize Ministè a tou pou li pote aksyon administratif k ap sanksyone kolektè dèt ki malonèt yo. Pwopozisyon an pral lite tou kont konplo pou vòlè moun nan fè yo peye dèt yo pa dwe.

Konbat Fwod Finansye sou Granmoun Aje yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze pou enstitisyon finansyè New York yo deklare bay Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an (Office of Children and Family Services) nan New York, Sèvis Pwoteksyon Granmoun yo epi lòt otorite yo lè yo gen yon restriksyon sou tranzaksyon oswa kont konsomatè granmoun aje poutèt yo sispèk yon abi finansye sou granmoun aje a. Pwopozisyon an ta ka kreye paramèt pou kenbe epi bay enstitisyon finansyè ak anplwaye yo ki gen iminite kont dèt sivil poutèt restriksyon tranzaksyon epi deklarasyon lè yo sispèk yon abi finansye rezonab sou granmoun aje.

Pwoteje Konsomatè New York yo kont Pratik Enjis ak Abi lè nan Ranfòse Lwa

Pwoteksyon Konsomatè New York: Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon gwo pwogram pwoteksyon pou konsomatè k ap pèmèt New York byen reyaji ak absans aplikasyon lwa federal sou kesyon pwoteksyon konsomatè yo epi asire konsomatè New York yo byen pwoteje kont nouvo pwodui finansye predatè k ap anvayi mache a. Premyèman, Gouvènè a pwopoze pou yo fè lwa pwoteksyon konsomatè New York yo konsistan ak lwa federal la. Dezyèmman, Gouvènè a pwopoze pou yo elimine egzanpsyon inital pou pwodwi ak sèvis finansye konsomatè yo. Twazyèmman, Gouvènè a pral konble fay epi kreye kondisyon san paspouki pou antite reglemante yo. Epi pou fini, Gouvènè a pwopoze pou yo modifiye Lwa sou Asirans pou ogmante amann maksimòm yo pou vyolasyon lwa epi asire DFS gen pouvwa pou kontinye ak aksyon ranfòsman sivil pou abòde vyolasyon yo.

Ajanda pou Fanm

Li Adopte Amannman Sou Dwa Egal Ego Enklizif Ki Se Premye Nan Nasyon

An: Gouvènè Cuomo pral chèche amande Amannman sou Dwa Egal Ego Konstitisyon

New York la dekwa pou New York ka etabli nòm nasyonal la sou fason Eta yo dwe pwoteje dwa egal ega yo. Gouvènè a pral chèchè ajoute sèks kòm yon klas pwoteje nan Seksyon 11 Atik I an, sa ki ap asire ke nou pwoteje konplètman tout Nouyòkè yo, kèlkeswa sèks yo, anba konstitisyon Eta a. Anplis de sa, li pral pouse pou ajoute lòt kategori yo, gen ladan etnisite, orijin nasyonal, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, oswa idantite seksyèldekwa pou nou anterin pwoteksyon ki enpòtan anpil sa yo nan Konstitisyon Eta a.

Kreye yon Akademi Lidèchip Antrepriz pou Fanm: Gouvènè pral bay Empire State College lòd pou li kreye yon Akademi Lidèchip Antrepriz pou Fanm. Akademi an pral ankouraje fanm yo pou yo ogmante patisipasyon yo nan lidèchip antrepriz Ameriken yo, ki gen ladan li konsèy administrasyon antrepriz, atravè pwogramasyon sible ki sipòte fanm pou yo prepare pou yo okipe pos direksyon ak pozisyon nan konsèy administrasyon. Akademi a pral devlope pwogram pou òganizasyon yo tou ki gen objektif kreye plis ekite enstitisyonèl.

Investi nan Antreprenè Fanm yo: Antanke motè planifikasyon estrateji ekonomik Eta New York la, Gouvènè Cuomo bay ESD ak REDC yo otorizasyon pou evalye epi, si sa nesèsè, abòde defi fanm antreprenè yo ap fè fas ak yo. Gid lane 2020 REDC a pral egzije pou chak rejyon mete fason pou abòde defi sa yo nan plan estrateji li yo. Nan objektif pou yo aplike estrateji sa yo, finansman sibvansyon 20 milyon dola Empire State Development la pral disponib nan dis (10) rejyon pou pwojè ki pral reponn ak bezwen fanm antreprenè yo.

Amelyore Repezantasyon Fanm yo nan Konsèy Administrasyon Antrepriz yo: Gouvènè Cuomo te siyen dènyèman lejislasyon ki egzije Depatman Deta (Department of State) ak Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York la pou fè yon etid sou repezantasyon fanm yo nan konsèy administrasyon antrepriz yo. Ajans yo pral analize kantite fanm ki genyen aktyèlman nan konsèy administrasyon yo nan tout antrepriz nasyonal ak etranje eta a. Enfòmasyon yo pral bay yon konpreyansyon global sou pwoblèm ki pral fè yo pran desizyon estratejik pou abòde inegalite sa yo.

Elimine "Taks Woz" la: Gouvènè Cuomo pral avanse lejislasyon pou entèdi diskriminasyon pri ki baze sou sèks pou pwodui oswa sèvis ki sanble oswa ki parèy. Lwa a t ap egzije kèk founisè sèvis pou yo afiche lis pri sèvis estanda epi pran nòt sou diskriminasyon pri ki fèt sou sèks yo lwa eta a entèdi sa. Y ap sanksyone biznis ki vyole lwa sa a.

Abòde Enpak Kriz Dèt Etidyan an gen sou Fanm Koulè yo: Gouvènè Cuomo pral bay DFS ak Konsèy Gouvènè a sou Fanm ak Ti Fi (Governor's Council on Women and Girls) lòd pou lanse yon nouvo inisyativ nan tout eta a pou abòde enpak kriz dèt etidyan fanm koulè Eta New York la ap fè fas. Antanke yon premye pa, DFS ak Konsèy Gouvènè a sou Fanm ak Ti Fi yo pral fè seyans diskisyon tab wond ak reyinyon piblik pou fè tande vwa fanm ki etidyan yo ak lidè kominotè koulè yo epi sansibilize sou enpak kriz dèt etidyan yo ki pa apwopriye.

Asire Egalite Salè nan Eta a ak Otorite Lokal yo: Gouvènè a ansanm ak Biwo Otorite Bidjè Eta New York yo (New York State Authorities Budget Office) ap anonse

yon ankèt referans pou rasanble rapò ki soti nan men tout otorite sou barèm salè aktyèl yo an fonksyon sèks nan kad pou asire konfòmite avèk Lwa sou Egalite Salaryal nan mitan otorite leta ak lokal yo. Ankèt la pral rasanble enfòmasyon sou ki kalite anplwa ki disponib nan mitan otorite leta ak lokal yo, pou detèmine si gen eka nan barèm salè ki gen rapò ak sèks epi ki aksyon otorite yo pral pran pou asire yo tout bagay rantre nan lòd.

Egzije Divilgasyon Enfòmasyon sou Arasman Seksyèl nan Men Kontraktè Leta

yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze mezi ki egzije pou moun potansyèl kontraktè leta yo bay yon rapò sou kantite jijman defavorab, desizyon administratif defavorab ak règleman ki gen rapò ak asèlman seksyèl pandan ane ki sot pase a. Enfòmasyon an pral disponib pou ajans eta yo k ap chèche fè kontra avèk antite sa a, epi Biwo Kontwolè Eta a pral soumèt rapò ki rezime enfòmasyon yo pou chak ane bay Gouvènè a, kèk tèt ajans yo ak Lejislati a.

Elaji Aksè ak Sèvis Fètilite yo: Gouvènè Cuomo pral travay pou li elaji kouvèti asirans epi ogmante konesans moun sou disponibilite sèvis fètilite yo. Gouvènè a pral ankouraje patwon yo pou yo bay kouvèti asirans pou sèvis fètilite, asire pa gen okenn moun ki fè diskriminasyon kont yo paske y ap chèche sèvis fètilite epi elaji konesans moun yo sou avantaj yo ki deja egziste.

Plan Global pou Abòde Mòtalite Matènèl: Gouvènè Cuomo pral kontinye investi 8 milyon dola nan de (2) lane pou sipòte: agrandisman ak amelyorasyon sèvis Travayè Sante Kominotè nan tout Eta New York la; aplikasyon yon fòmasyon sou prejije enplisit ak fòmasyon aprè nesans pou pwofesyonèl swen medikal yo; kreye yon depo enfòmasyon perinatal konplè; konvokasyon yon Komite Revizyon Mòtalite Matènèl (Maternal Mortality Review Board) pou revize tout lanmò matènèl yo; ak yon pwogram sansibilizasyon estratejik nan kominote prensipal eta a pou ogmante rapò pwofesyonèl swen sante perinatal ki se manm gwoup minorite rasyal ak gwoup etnik yo.

Egzije Yon Sèl Swen Sante Etanda, ki gen Bonjan Kalite pou Sivivan Atak

Seksyèl yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze pou tout lopital yo gen obligasyon pou yo respekte menm bonjan estanda swen kalite epi ki santre sou viktim lan lè yo ap trete sivivan atak seksyèl yo pou yo asire sistèm sante New York la pare pou bay pi bon kalite swen bay viktim yo nan tout zòn riral yo, iben yo ak kominote geto yo.

Modènize Sipò pou Viktim Vyolans Domestik yo: Gouvènè Cuomo pwopoze pou yo mete yon modèl sou pye ki santre sou sivivan ki redui baryè ak obtak kondisyon sèvis vyolans domestik nan Eta New York avèk yon modèl finans konplè epi fleksib pou sipòte yon kontinyasyon nan sèvis yo ki baze sou bezwen chak sivivan yo. Modèl yo pwopoze a pral bay sivivan yo sipò tou pandan nan amelyore repons sistematik ki rann agresè yo responsab epi redui nivo letalite yo. Anplis, Gouvènè Cuomo pwopoze tou pou yo kreye Konsèy Rejyonal kont Vyolans Domestik ki pral kowòdone avèk Komite Konsèy Vyolans Domestik Eta New York la ki deja egziste pou ankouraje relasyon Gwoup Travay la konstwi a epi amelyore kominikasyon konsènan bezwen sivivan yo, pwogram vyolans domestik ak kominote yo.

Ranfòse Pwoteksyon Viktim Vyolans Domestik ki Mande Divòs yo: Gouvènè Cuomo pral prezante lejislasyon pou egzije tribinal yo pou yo konsidere espesyalman

rezilta vyolans domestik yo sou sitiyaasyon finansyè chak pati alavni. Sa pral mande pou yon tribinal egzamine sikonstans ak rezilta vyolans domestik yo epi ta dwe pèmèt tribinal la dekouvri yon pati gen yon kapasite nan avni li ki diminye pou li fè vi li akòz de yon akt vyolans domestik ke lòt pati a te fè sou li.

Pwoteje Viktim Vyolans Domestik Yo de Vyolans ak Zam: Gouvènè Cuomo pral pwopoze mezi sa yo pou pwoteje viktim vyolans domestik yo: otorize fòs aplikasyon lalwa yo pou elimine zam nan sèn kote ki gen diskisyon domestik; rekòmande ranfòsman lwa pou elimine zam lakay yon endividi ki tounen yon objè de yon òdonans pwoteksyon ki se rezilta yon diskisyon domestik; epi etabli yon deli vyolans domestik pou asire ke agresè yo pèdi aksè ak zam imedyatman aprè kondanasyon.

Kanpe Presyon Repwodiktif: Gouvènè a pwopoze devlopman yon patenarya ant ajans vyolans domestik yo ak klinik sante repwodiksyon yo pou ogmante konsyans sou, ak idantifye epi reponn ak, agresyon seksyèl ak presyon seksyèl ak repwodiktif.

Pwoteje Moun New York LGBTQ yo

Legalizasyon Matènite Sibstitisyon nan Eta New York: Gouvènè Cuomo pral tounen yon chanpyon nan lejislasyon ki leve entèdiksyon sou matènite sibstitisyon. Lejislasyon an pral etabli kritè pou kontra sou matènite sibstitisyon ki founi pwoteksyon ki pi solid nan nasyon an pou paran ak manman pòtez asire ke tout pati yo founi yon konsantman byen klè nan chak etap pwosesis la. Lejislasyon an ta kreye tou yon Deklarasyon Dwa ki ta asire, ki pral garanti pwoteksyon pi djanm nasyon an pou manman pòtez yo, nan garanti dwa absoli manman pòtez yo pou pran pwòp desizyon sante yo, ki gen ladan swa mete fen oswa kontinye yon gwosès epi pou manman pòtez yo gen aksè ak asirans sante konplè ak avoka endepandan yo chwazi, sila yo ki vle vin paran yo ap peye tout. Lejislasyon Gouvènè a pral kreye tou yon pwosesis senplifye pou etabli parante lè youn nan endividi yo se yon paran non-byolojik, yon pwosesis yo konnen sou "adopsyon dezyèm paran".

Sèvis Toksikomani pou Afime LGBTQ yo: Pou redui to toksikomani nan kominote LGBTQ a, Gouvènè Cuomo pral mande BBiwo Sèvis ak Soutyen pou Adiksyon an (Office of Addiction Services and Supports) Eta New York la pou devlope nòm nan pratik klinik pou pwogram tretman toksikomani nan moman y ap travay ak endividi LGBTQ yo. OASAS pral enplimante tou yon apwobasyon akonpayman pou pwogram ki ranpli nòm sa yo pou konsomatè yo kapab idantifye pwogram ki founi pi bon kalite swen ak endividi LGBTQ yo.

Elaji Pwoteksyon Done Prive ak Aplikasyon Rankont LGBTQ yo: Gouvènè Cuomo pral fè avanse lejislasyon pou amande Deklarasyon Dwa Konsomatè Sèvis Rankont yo, pou ranplase "manm sèks opoze a" ak mo "moun", nan definisyon lwa "sèvis referans sosyal". Lejislasyon an pral elaji kouvèti lwa pou genyen ladan l sèvis referans sosyal ki pa asepte kòb. Amandman sa yo pral asire ke sèvis moun New York yo itilize pou rankontre zanmi ak mmenaj yo ka pa founi diferan pwoteksyon tou depan de oryantasyon seksyèl ak idantite sèks ki koresponn ak yo a.

Pwoteksyon Timoun Vilnerab yo

Redui Twòp Reprèzantasyon Timoun ki Sòti nan Minorite nan Fanmi Akèy

yo: Gouvènè Cuomo angaje tèt li pou trete menm jan tout fanmi ki ap fè eksperyans de sistèm byennèt timoun san distenksyon ras ak orijin etnik. Enplemantasyon yon pwosesis nan echèl eta "Eliminasyon Avègleman" se yon lòt etap ki menen nan yon manyè pou asire jistis sosyal ak dwa moun pou timoun ak fanmi yo nan New York. OCFS te fè yon patenarya ak University of Albany pou kreye yon bwat zouti pou Pwosesis Eliminasyon Avègleman (Blind Removal Process). Bwat zouti sa konsevwa pou ede konte yo nan pwosesis preparasyon pou fè evalyasyon, aprè sa pou mete sou pye Pwosesis Eliminasyon Avègleman an. Yon fwa li fini, y ap separe yo nan tout konte yo atravè Eta New York.

Etabli Pwogram Sikse Fanmi Akèy Americorps Eta New York la: Gouvènè a pral kreye pwogram Sikse Fanmi Akèy AmeriCorps Eta New York (New York State AmeriCorps Foster Care Success program), pou pèmèt jèn yo ki an tranzisyon nan fanmi Akèy jwenn opòtinite pou patisipe nan sèvis AmeriCorps ak resevwa sèvis antrènman entansif ak espesyalize ansanm ak sèvis soutyen "global". Pandan twa (3) premye ane pwogram nan, oubyen plis nan patisipan yo pral tranzisyone avèk sikse nan anplwa a plen tan oubyen nan etid akademik.

Kenbe Timoun yo Andeyò Fanmi Akèy avèk yon Mi Pwoteksyon Fanmi Avan (Kin-First Firewall): Pou plis pwomouvwa fanmi akèy parante, Eta New York pral mande pou chak katye sèvis lokal etabli yon politik Mi Pwoteksyon Fanmi Avan – yon dezyèm rega sou chak timoun ki anlve pou asire ke tout etap yo pran an konsiderasyon pou fè premye plasman an yon plasman parante kote ki apwopriye pou sa. Etap senp sa a te rive teste sou pilòt ki reyisi, sa ki te antrene yon ogmantasyon siyifikatif plasman nan parante a.

Kenbe Moun New York yo an An Sekirite:

Asire Lapè ak Sekirite pou Tout:

Li Fèmen Brèch Sou Entoksikasyon Vyòl la: Gouvènè Cuomo pral fè avanse lejislasyon a epi klarifye kòrèkteman ke kapasite yon viktim pou li konsanti an danje menm si li te entoksike volontèman oswa envolontèman. Lejislasyon an pral bay ak pwokirè yo kapasite pou asire ke yo kenbe agresè seksyèl yo responsab pou zak kriminèl epi sivivan agresyon seksyèl yo jwenn jistis yo merite a. Anplis, lejislasyon an pral kreye pèn pou kadejak nan premye degre (yon krim B) pou nenpòt moun ki angaje nan rapò seksyèl ak yon endividi ke yo lakoz tonbe nan toksikomani envolontè.

Anpeche Predatè Seksyèl Yo Itilize Rezo Sosyal, Aplikasyon Rankont Ak Jwèt Videyo Pou Eksplwate Timoun: Gouvènè Cuomo pral avanse lejislasyon pou asire ke lwa aktyèl la ranfòse pou egzije divilgasyon afimatif pa delenkan seksyèl nan DCJS nan tout kont medya sosyal yo epi mete ajou kont ki enpòtan yo dwe divilge. DCJS ap voye lis sa bay nenpòt founisè ke agresè a divilge epi founisè a pral gen obligasyon pou revize done sa a, devlope règleman sou jan pou itilize li ak libere règleman sa piblikman bay itilizatè yo. Lejislasyon sa an pral fè li se yon krim tou pou agresè seksyèl koupab yo poutèt yo mal reprèzante yo sou entènèt.

Entèdiksyon Residivis ak Delenkan Seksyèl A Gwo-Risk Nan Sistèm Transit MTA

a: Gouvènè a ap fè avanse lejislasyon ki otorize MTA a emèt lòd pou entèdi moun ki komèt vyolasyon ki gen rapò ak sèks oubyen ki gen gwo risk (Nivo 3) pou agresyon seksyèl yo itilize sèvis transpò MTA yo pou yon peryòd twa lane, nan kòd konduit MTA a. Anplis, pwopozisyon sa pral etabli yon nouvo lwa pou krim seksyèl nan transpò, si yo rekonèt yon agresè koupab, yon jij ka enpoze yon manda entèdiksyon pou asire sekirite piblik la. Dapre pwopozisyon sa, antanke yon kondisyon pou miz an libète pwovizwa, jij la dwe emèt tou yon lòd entèdiksyon tanporè si yo demontre ke entèdiksyon sa te nesèsè pou kenbe sekirite piblik la. Yo ka chaje moun ki vyole lòd entèdiksyon sa Enfraksyon Sikilasyon, ki se yon deli.

Pèmèt Polis Eta pou Livre Asinyasyon pou Konparèt pou Kèk Enfraksyon

Seksyèl an Liy Kont Timoun: Gouvènè Cuomo pral fè presyon pou jwenn apwobasyon lejislativ la pou bay Sipentandan Polis Eta a pouvwa asinyasyon administratif pou mennen ankèt sou enfraksyon kriminel ke teknoloji fasilite kont timoun yo epi founi lapolis New York zouti pou mennen ankèt rapid sou vye krim sa yo.

Asire ke Endividi Ki Komèt Krim Ki Grav Nan Lòt Eta Pa Kapab Posede Yon Zam

Nan New York: Gouvènè Cuomo pral fè avanse lejislasyon pou entèdi ak tout endividi pou yo jwenn yon pèmi zamafe ki komèt deli ki grav andeyò Eta a ki te lakoz yo diskalifye pou jwenn pèmi zamafe tankou si yo te komèt nan New York. Sa pral asire yon pi gran koyerans nan rejim pèmi New York la epi pral garanti ke moun yo entèdi pou achte yon zamafe jwenn kapab fè sa. Gouvènè a ap fè avanse tou lejislasyon pou oblije tout òganism fòs aplikasyon lalwa eta ak lokal yo nan Eta adere ak pwogram pataj done sou zam ATF yo epi soumèt zam yo rekipere yo nan sistèm eTrace ATF la. Anplis, Gouvènè Cuomo pwopoze yon lejislasyon ki vize modifye lwa sou ijyèn pou kapab pèmèt a New York pataje avèk lòt Eta divès rapò ki konsène moun ki reprezante yon danje pou tèt yo oubyen pou lòt moun.

Anpeche Fabrikasyon ak Difizyon Zam Zonbi: Pou reponn ak preyokipasyon k ap grandi konsènan zam zonbi yo, gouvènè Cuomo pwopoze yon lejislasyon konplè pou anpeche aksè ak zam epi ak itilizasyon yo. Premyèman, pwopozisyon sa ta oblije patikilye yo jwenn konpozan prensipal yon zamafe, yon fizi oubyen yon fizi lachas inikman sou plas nan yon magazen nan yon machann zam ki otorize Dezyèmman, konsesyonè ki gen pèmi yo pral gen responsablite distribye konpozan prensipal yo inikman ak moun ki posede yon pyès idantite valid epi anrejistre tout tranzaksyon epi ta egzije ke tout kad ak tout reseptè ki pa fini gen yon nimewo seri ke Polis Eta a te livre. Twazyèmman, pwopozisyon an t ap entèdi ak tout moun ki pa k ap posede yon fizi legalman oubyen yon fizi lachas pou posede yon konpozan majè ke yo ta ka itilize pou konstwi yon zamafe, yon fizi oubyen yon fizi lachas epi kreye nouvo penalite pou enfraksyon ak krim lè yo vyole nouvo pwovizyon sa yo.

Ranfòsman Ak Mezi Sekirite Pou Moun ki Nan Limouzin Ak Lòt Veyikil Komèsyal

Pou Lokasyon. Gouvènè Cuomo pral pwopoze divès refòm pou garanti pwoteksyon sekirite solid pou limouzin yo ak lòt pwoteksyon ki fèt pou pasaje yo. Pake refòm sa yo pral genyen ladan yo yon lejislasyon ki ap egzije ke tout moun ki nan yon veyikil pote yon senti sekirite; pral ogmante sanksyon sivil ak penal yo pou vyolasyon yon pèmi eksplwatasyon Eta, falsifikasyon yon etikèt nòm federal sekirite veyikil a motè, oubyen modifikasyon oubyen obtansyon yon vinyèt enspeksyon Eta envalid; epi li pral elimine

tout egzansyon sou estati aktyèl pèmi operasyon nan Lwa sou Transpò pou machin ki otreman tap konsidere tankou yon bis, pami lòt bagay.

Ranfòse Relasyon ant Lapolis Lokal ak Kominote yo Sèvi yo: Gouvènè Cuomo a pwopoze yon nouvo politik kote Pwokirè Jeneral Eta a pral adrese tansyon nan relasyon ant lapolis ak kominote a epi idantifye solisyon pou amelyore relasyon sa a.

BON JAN EDIKASYON POU TOUT MOUN

Asire yon Bon Depa pou Chak Etidyan New York

Egzije Transparans pou Garanti ke Distri yo Distribye Èd Eta yo yon jan ki plis

Ekitab: Gouvènè Cuomo pral kontinye konble defisi finansman ant lekòl pòv yo ak lekòl rich yo nan egzije ke fon piblik pou edikasyon dwe bay ak lekòl ki plis nan bezwen. Egzijans sa yo pral garanti ke distri yo ap finanse lekòl ki plis nan bezwen yo. Menm si Eta a ap distribye 70 pousan nan finansman li yo bay distrik ki gen plis nesosite yo, distrik yo pa toujou distribiye finansman bay lekòl yo nan yon fason ki ekkitab. An reyalyte, kèk distrik eskolè gen lekòl ki gen pi gwo nesosite yon nivo konsiderab ki ap resevwa mwens pase lekòl mwayen nan distrik lan. New York pral kontinye estimile ekite nan finansman nan oblije distri lekòl yo revele, nan konstwi, kote fon yo ale.

Elaji Lekòl Pre-Matènèl Inivèsèl: Gouvènè Cuomo pwopoze pou ogmante finansman pou ane akademik 2020-21 pou pre-matènèl pou elaji aksè nan distri ki gen gwo bezwen paske Aprantisaj bonè ka konble eka yo epi bay avantaj non sèlman nan etap bonè nan lavi timoun nan men tou lè li vin granmoun.

Sipòte Pwogram Apre Lekòl nan Kominote ki gen Anpil Bezwen: Pou ede asire ke chak timoun ki bezwen yon kote sekiritè pou yo ale, jwenn youn, Gouvènè a ap pwopoze finansman adisyonèl nan kominote pou keyeye plis espas pwogram nan kominote ki gen anpil bezwen toupatou atravè Eta a. Sibvansyon ane sa a ap gen ladan tou yon priyorite lajan pou zòn ki gen nivo elve enplikasyon gang ak kominote ki gen anpil bezwen yo.

Bese pri tès AP yo pou Elèv Defavorize yo: Gouvènè Cuomo ap kontinye investi finansman pou asire frè egzamen pou egzamen AP ak IB gratis pou tout elèv defavorize jan sa posib. New York kounye a investi 5.8 milyon dola pou desann frè egzamen an a 5 dola pou elèv defavorize yo, konsa chak elèv kapab peye yon tès.

Antreprenè STEM nan Rezidans: Gouvènè a pwopoze pou pilòte pwogram antreprenè STEM nan rezidans pou ane lekòl 2020-21 an pou lekòl premye sik segondè ki gen anpil bezwen. Distri yo ap resevwa yon sibvansyon pou yo mete tèt yo ansanm avèk yon konpayi STEM lokal ki se fanm oswa minorite ki posede oswa ki ap dirije. Lajan yo pral ekspeze elèv yo nan karyè STEM ak modèl ki reyisi nan kominote yo. Konpayi an pral pote lidèchip li ak materyèl nan lekòl la pou vizit, epitou ebèje elèv yo sou lye travay.

Fè Inivèsite plis abòdab

Egzije Transparans ak Responsablite pou Inivèsite ki gen bi likratif yo: Gouvènè Cuomo pwopoze yon pwogram responsablite Inivèsite ki gen bi likratif konsantre sou transparans ak rezilta pou asire ke etidyan nou yo byen sèvi nan lekòl sa yo. Mezi responsablite pwopoze yo gen ladan divilgasyon de baz fon ak finansman ki gen ladan pakè konpansasyon lidèchip antèt yo ak pwopriyetè yo, ki gen ladan bonis enpòtan ak ankourajman.

Kanpe lekòl ki Malonèt ki Anpeche Veteran yo Jwi Avantaj Edikasyon

yo: Gouvènè a pral travay nan Depatman Sèvis Veteran (Department of Veteran's Services) pou pote plis transparans nan lekòl ki gen bi likratif yo, idantifye opòtinite pou klarifye angajman eta a ak federal nan edikasyon ak asire veteran Eta New York yo pral pwoteje de aktè ki malonèt yo nan espas edikasyon pou fè pwofi.

Elaji Enskripsyon pou Elèv nan Avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP): Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap pral etabli règleman pou fè plis etidyan kolèj kominotè kalifye pou avantaj esansyèl SNAP yo. Anplis, OTDA pral etabli règleman eta a pou ke elèv kolèj kominotè ki angaje omwen mwatye tan nan karyè ak nan kou edikasyon teknik yo egzante de kondisyon pou yo travay 20 èdtan chak semèn pou yo kalifye pou SNAP. Etidyan sa yo pral kapab aplike epi resevwa SNAP si yo kalifye otreman baze sou revni disponib ak lòt règ elijiblite debaz ki aplike nan tout kay SNAP.

Kanpe Pratik Abizif ak Mansonjè nan Konpayi Alèjman Dèt Prè Etidyan yo:

Gouvènè a pral pwopoze lejislasyon anviwònman estanda pou endistri alèjman dèt prè nan New York. Konpayi alèjman dèt etidyan yo anjeneral faktire pretè prè etidyan yo frè inisyèl sibstansyèl ak pwomèt pou ede yo ak konsolide plizyè prè etidyan yo vin yon sèl prè oswa aranjanman ranbousman altènatif.

YON NEW YORK KI AN PI BON SANTE

Asire Aksè a Sante ki A Pri Abòdab

Bese pri Medikaman Preskripsyon pou tout Moun New York: Gouvènè a pral entwodui yon plan twa (3) volè pou bese pri medikaman preskripsyon yo pou tout moun New York yo epi kenbe fabrikasyon yo responsab pou ogmantasyon enjistifyab, tèt nèg pri medikaman yo. Kòm yon pati nan plan an, Gouvènè a pral mete yon limit sou kopeman yo egzije pou pasyan asirans yo nan 100 dola pou yon rezèv ensilin pou yon (1) mwa; akòde Depatman Sèvis Finansye plis otorite pou envestige pik pri medikaman yo; kreye Komisyon Enpòtasyon Preskripsyon pou idantifye ekonomi konsomatè potansyèl nan enpòte medikaman soti nan Kanada ak konpile yon lis medikaman ki ta ka enpòte nan pwogram lan; ak pwopoze ke Manadjè Avantaj Famasi yo, yo pral mande pou enskri imedyatman ak Eta a epi y ap sijè règleman ki egzije divilgasyon ankourajman finansye oswa avantaj pou ankouraje itilizasyon sèten medikaman, epi tou lòt aranjanman finansye ki afekte kliyan yo.

Bay Transparans Depans Medikal pou Bay Pasyan yo plis Pouvwa: Pou pèmèt konsomatè yo chache pi fasilman sèvis swen sante yo, Gouvènè Cuomo ap dirije Depatman Sante (Department of Health), Depatman Sèvis Finansye ak Sant Sèvis Dijital ak Medya Eta New York la (New York State Digital and Media Services Center)

pou kreye yon sit entènèt inik ak konvivyèl, ki rele NYHealthcareCompare, kote moun New York yo ap kapab fasilman jwenn depans pou swen sante, bon jan kalite enfòmasyon ak resous edikasyon.

Ogmante Pwoteksyon kont Fakti Medikal Sipriz: Nan ane 2014 Gouvènè a te avanse yon lwa istorik ki pwoteje konsomatè yo kont fakti ki pa nan rezo a pou sèvis doktè ijans nan yon lopital ak kont fakti sipriz nan lopital yo ak lòt anviwònman pou pasyan ekstèn, sepandan, lalwa aktyèl la toujou pèmèt lopital ak doktè ki pa nan rezo voye fakti bay konsomatè a dirèkteman pou sèvis ijans yo. Pou pwoteje moun New York yo de pratik medikal enjis ak irezonab, Gouvènè a pral entwodui yon plan twa (3) volè: entèdi tout lopital ak doktè ijans yo nan voye fakti dirèk bay konsomatè yo pou sèvis ki pa nan rezo a; egzije divilgasyon frè enstalasyon yo ke yo chaje moun New York yo san rezon epi ki souvan pa kouvri pa asirans; epi redwi estati limit yo pou kolekte dèt medikal ki poko peye a twa zan.

Konbat Epidemi Ewoyin lan

Entèdi Analòg Fentanyl pou Kontinye Konbat Epidemi Opyoyid la: Gouvènè a pral entwodui lejislasyon pou deziyen klèman analòg fentanyl kòm sibstans kontwole nan Eta New York. Lejislasyon sa yo pral bay lapolis ak fòs de lòd yo otorite pou pouswiv manifakti, vant ak distribisyon medikaman sa yo nan tout mezi lalwa prevwa. Lejislasyon yo pwopoze a pral bay tou Komisè Depatman Sante Eta otorite pou ajoute analòg siplemantè nan lis sibstans ki sou kontwòl yo, sa ki ap pèmèt Eta a kanpe an kwa kont sibstans danjere sa yo lè yo parèt sou mache a.

Elaji Aksè ak Tretman Alèd Medikaman nan Kominote ki Difisil pou Atenn yo: Nan ane 2020, Gouvènè a ap pran lòt etap ankò pou Elaji Aksè ak Tretman Alèd Medikaman nan Kominote ki Difisil pou Atenn yo nan konekte depatman ijans ak doktè ki ka preskri buprenorfin nan telesante; ajoute dis (10) nouvo klinik mobil, youn nan chak zòn devlopman ekonomik nan tout eta; bay biprenòfin nan sèt enstalasyon koreksyonèl yo kounye a ofri metadòn; ak reoryantasyon sèvis HOPEline OASAS a ki deja egziste pou ede moun New York ki dwògè k ap chèche asistans pou jwenn tretman, rekiperasyon oswa sipò kolèg.

Tretman Medikaman Asiste: New York te fè refòm enpòtan pou asire ke moun ki gen difikilte ak twoub itilizasyon Opyoyid yo gen opòtinite pou yo itilize medikaman tretman asiste, ki gen yon dosye pwouve nan asire rekiperasyon alontèm. Administrasyon sa a deja egzije ke Medicaid ak chak plan gen yon medikaman MAT pou chak klas terapetik san otorizasyon davans, e ke si gen yon preskripsyon oswa renouvèlman pou yon medikaman ki pa sou fòmilè la ke yo bay yon rezèv pou senk (5) jou, ak otorizasyon davans konplete nan lespas 24 èdtan. Gen plis pou fè. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral pwopoze yon sèl fòmilè pou Medicaid ki pral asire aksè a tretman medikaman asiste yo akòde rapid ak efikasite san yo pa konstwi baryè ki pa nesèsè pou swen.

Amelyore Sante Piblik

Represyon sou Vant Ilegal Sigarèt: Pou plis redui fimen, asire Eta a pa deprave pou revni ki nesèsè, pwoteje detayan ki respekte lalwa de konpetisyon malonèt ak anpeche jèn yo jwenn aksè a pwodwi tabak Governor Cuomo pra l prezante lejislasyon pou bay

Depatman Fiskalite ak Finans lan zouti pou anpeche detayan malonèt yo kontinye vann sigarèt. Mezi a ap pèmèt DTF fèmen detayan ki ofanse yo konplètman nan anile otorite yo pou kolekte taks lavant yo ak lòt nan men kliyan yo ak ogmante penalite paske y ap vann pwodwi tabak a minè ilegalman.

Anpeche Pwodwi Vapotaj Rive nan Men Jèn yo: Pou pwoteje jèn de pwodwi tabak yo, Gouvènè a pral entwodui yon pake konplè pou: entèdiksyon pou vann pwodwi vapotaj aromatize; entèdi tout anons ki gen rapò ak vapotaj ki vize jèn yo; entèdi vant lwil pou transpòtè vapè ki gen ladan pwodwi chimik oswa engredyan ke lè yo rale nan yon aparèy vapotaj yo jije yo danjere ak yon risk sante piblik enpòtan; mete restriksyon sou vant likid elektwonik ak sigarèt elektwonik sou Entènèt, telefòn ak lapòs sèlman detayan ki gen lisans pwodwi vapè; sispann vant tabak ak pwodwi sigarèt elektwonik nan famasi; ak lejislasyon ki defini espas andedan kay ak limite ekspozisyon lafimen segondè.

PWOTEJE DEMOKRASI NOU AN

Egzije Rekontaj Manyèl Otomatik Nan Eleksyon Sere Yo: Pou ranfòse konfyans nan entegrite rezilta eleksyon yo nan tout ras toupatou nan eta a, Gouvènè Cuomo ap entwodui lejislasyon ki etabli nòm nan tout eta a pou lè konte otomatik bilten vòt yo deklanche ak pwosesis pou reyalizasyon rekontaj yo. Lejislasyon an pral egzije yon rekontaj otomatik nan tout eleksyon nan tout Eta a kote maj viktwa a pou yon kandida oswa pwopozisyon sifraj la se 0.2 pousan sou tout vòt ki ekspriye nan kous la; Li egzije tou yon rekontaj otomatik nan tout lòt eleksyon yo kote maj viktwa a pou yon kandida oswa pwopozisyon sifraj la se 0.5 pousan sou tout vòt ki ekspriye nan kous la;

Aplike yon Sistèm Enskripsyon Elektè Otomatik: Byenke moun New York genyen opòtinite pou anrejistre pou vote nan entèraksyon ak ajans Eta yo, yo dwe mande pou yo anrejistre yo. Sepandan, nou ta dwe fè plis pou ogmante patisipasyon nan demokrasi nou an. Anrejistremant otomatik moun k ap vote pral ogmante anrejistremant kantite moun k ap vote ak patisipasyon nan eta a, epi li pral ranfòse tou pwosesis demokratik nou an. Nou pral asire tout opòtinite enskripsyon otomatik yo disponib sou entènèt epi pral pèmèt moun New York yo senpleman aplike pou yo enskri pou yo vote sou sitwèb Konsèy Elektoral Eta a si yo ta chwazi fè sa a.

Kreye yon Ekip Sekirite Rapid Pou Eleksyon: Pou asire totalman asanble eleksyon lokal yo byen prepare pou defann kont sibè atak yo, Gouvènè a pral dirije kreyasyon yon Ekip Sibè Swat pou konplete epi bay sipò adisyonèl nan travay Sant Eleksyon Sekirize Konsèy Eta a devan sik eleksyon 2020 yo epi etabli yon plan konplè si yon atak enfòmasyon mete an danje rezilta yo. Dapre pwopozisyon sa a, konsèy eleksyon konte lokal la ak Konsèy Eta a pral travay ak ajans leta ki enpòtan yo pou etabli yon plan pou kondui rekontaj rapid ak efikas.

Konte Chak Moun New York Nan Resansman 2020 an: Eta a pral bay sibvansyon ak travay ak plis pase 60 konte ak gouvènman lokal yo pou idantifye "vwa konfyans" ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ka konsantre sou angaje kominote "difisil pou konte" yo, ki gen ladan moun ki gen popilasyon imigran ki wo, timoun ki poko gen senk (5) lane ak granmoun aje yo. Pandan tout 2020 an, Eta a pral sible tou fon

espesyalman nan direksyon kominote ak popilasyon yo ki rete nan risk pou yo te soukontabilize.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)